

DETEKTE EPI DEPISTE FUIT DLO

ÈSKE W TE KONNEN?

... fuit dlo sa a ki fasil pou repare responsab a peprè 1 trilyon galon dlo gaspiye chak ane nan kay nan peyi Etazini? An reyalyte, yon kay òdinè koule a peprè 10,000 galon dlo ànyèlman. Sa se ekivalan lave 300 lo rad sal, sa ajoute yon 10 pousan anplis nan fakti dlo ou.

Nan sèlman 10 minit, ou kapab fouye tout kay ou ap chèche fuit dlo pou w kwape gaspiyaj dlo. Anpil fuit dlo domestik komen rapid pou jwenn e fasil a repare. Klapèt ize nan twalèt, wobinè ki ap degoute, ak tèt douch ki koule, se bagay ki fasil pou repare, sa kapab redui fakti dlo ou epi ekonomize dlo nan kominote w. **Alò, mete chapo detektif ou sou tèt ou, lase tenis kous ou nan pye w epi leve defi 10 minit sa a pou w detekte epi depiste fuit dlo!**



KÒMANSE PA RASANBLE SIY

Men kèk siy ki kapab ede anvan ou menm kòmanse chèche fuit dlo nan kay ou

01

TCHEKE FAKTI SÈVIS ITILITE OU

Yon kote pou w kòmanse se revize fakti dlo ou. An mwayèn, yon fanmi a kat moun nan Konte Miami-Dade itilize a peprè 20 CCF oswa 15,000 galon dlo pa mwa. Èske itilizasyon dlo ou pi wo mwa sa a pase sa li te ye mwa pase? Èske fakti w ap moute pi wo tanzantan? Si itilizasyon dlo ou ogmante epi ou pa te janm ap itilize plis dlo pase nòmal, sa ka yon siy ke gen yon fuit dlo. Pran plis enfòmasyon sou fakti dlo ou nan [epa.gov/watersense/understanding-your-water-bill](https://www.epa.gov/watersense/understanding-your-water-bill).

02

LI KONTÈ DLO OU

Chèche kontè dlo ou, an jeneral li tou pre twotwa a devan kay ou oswa pa dèyè kay la nan yon riyèl. Sèvi ak yon tounavis pou w leve kouvèti kontè ou a, li lou e dabitid li make "water".

Aprè ou fin jwenn kontè a, kounye a fè yon lekti kontè pandan yon peryòd lè moun pa ap itilize dlo a. Si kontè a pa montre menm chif yo apre dezèdtan, pwobableman ou gen yon fuit dlo. Ou kapab jwenn konsèy sou fason pou w li yon kontè dlo nan [miamidade.gov/leakdetection](https://www.miamidade.gov/leakdetection).

03

FÈ YON TÈS TWALÈT

Mete kèk gout koloran alimantè nan rezèvwa nan do twalèt lakay ou epi kite l poze pandan 20 minit. Si koulè a parèt nan bòl la, ou gen yon fuit dlo. Asire ke w flòch apre sa pou w evite tach nan bòl la epi fè lide ranplase vye klapèt la si li chire oswa si li ize. Vin pran tablèt deteksyon fuit dlo gratis nan nenpòt sant sèvis kliyan Depatman Dlo ak Egou Miami-Dade; pou plis enfòmasyon, rele Sèvis Kliyan nan 305-665-7477.

Pandan w ap tann pou wè si twalèt ou gen yon fuit dlo, mache nan tout kay la avèk lis kontwòl annapre a pou wè si w kapab depiste lòt gaspiyè d dlo.

LIS KONTWÒL

POU DEPISTE FUIT DLO

Men kèk kote fuit dlo ka ap kache nan kay ou

Kèk fuit dlo bezwen yon senp reparasyon—yon klapèt ize nan yon twalèt, yon rakò tiyo desere oswa yon tèt douch ki gen jèdlo parazit. Men ou ka vle konsilte yon plonbye lisansye pou repare twalèt ou ki koule, tiyo awozwa w ki kase, aparèy chofaj dlo ou ki ap degoute oswa liy sèvis itilite dlo ou ki mal fonksyone. Fè yon envantè rapid tout siy ki montre gaspiyaj dlo:

SALDEBEN

- Twalèt yo:** Koute si pa gen dlo ki ap koule epi fè tès koloran alimantè ki dekri nan paj 1 an.
- Wobinè yo:** Chèche epi koute si pa gen dlo ki ap degoute apre w fin fèmen dlo a.
- Tèt douch yo:** Gade si pa gen dlo ki ap degoute apre w fin fèmen dlo a oswa pandan douch la ouvè, gade si pa gen jèdlo parazit ki ap soti nan tiyo yo ki kapab estope avèk tep.
- Basen Saldeben:** Ouvè dlo basen an, apre sa devye dlo a al nan douch la epi gade si gen dlo ki ap soti nan bouch wobinè basen an toujou. Sa te ka vle di devyatè bouch wobinè basen an bezwen ranplase.
- Lavabo:** Anba lavabo a, tcheke si pa gen ma dlo anba tiyo yo ak si pa gen wouy nan jwen yo ak nan rebò yo.

CHANM LESIV

- Anba evye a:** Tcheke si pa gen ma dlo anba koneksyon tiyo yo.
- Machin a lave:** Tcheke si pa gen ma dlo, sa ka endike yon fuit dlo nan liy dlo a.
- Aparèy pou chofe dlo:** Tcheke anba rezèvwa a si pa gen ma dlo, wouy oswa lòt siy fuit dlo.

KIZIN

- Wobinè:** Gade e koute si pa gen dlo ki ap degoute epi sere ayeratè yo oubyen ranplase ekipman si sa nesèsè.
- Pilverizatè:** Tcheke pou asire dlo a ap flite swa epi netwaye ti twou yo lè sa nesèsè.
- Anba evye a:** Tcheke si pa gen ma dlo anba tiyo yo ak si pa gen wouy nan jwen yo ak nan rebò yo.
- Aparèy menaje:** Tcheke si pa gen ma dlo anba aparèy pou lave vesèl ak anba frijidè ki gen machin pou fè glas, sa ka endike yon fuit dlo nan liy dlo a.

DEYÒ A

- Nan tèt tiyo a:** Asire ke koneksyon yo byen sere avèk kawotchou a epi gade si wondèl kawotchou a bezwen ranplase. Enstale yon tèt kawotchou ki gen arè otomatik.
- Sistèm irigasyon anba tè:** Tcheke si pa gen tèt awozaj ki kraze oubyen si pa gen bèk ki ap flite dlo nan move direksyon. Resevwa yon evalyasyon peyizaje gratis nan men Konte Miami-Dade!
Pran plis enfòmasyon nan miamidade.gov/waterwisely.

NAN TOUT KAY LA

Chèche siy imidite oswa mwazi sou mi kay ou, nan plafon yo oswa atè yo. Sa te ka endike gen yon tiyo ki ap fè gwo dega dèyè rido e ki merite atansyon yon pwofesyonèl.

Si youn nan aparèy ou yo merite ranplase, pa bliye chèche etikèt WaterSense lan lè w ap achte pwodui plonbri (sètadi wobinè, tèt douch, twalèt). Konte Miami-Dade ofri rabè pou acha pwodui sa yo. Vizite miamidade.gov/betterbathroom pou w jwenn plis enfòmasyon. Pwodui

WaterSense yo se pwodui yo sètifye yon fason endepandan ke yo itilize omwen 20 pousan mwens dlo epi yo bay menm ranman oswa pi bon ranman pase modèl regilye.

Pou plis enfòmasyon sou fason pou detekte e repare fuit dlo, vizite miamidade.gov/leakdetection.



Remèsiman espesyal pou Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etasini dèske yo te founi enfòmasyon ki nan gid sa a!